

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basa miboga fungsi salaku alat komunikasi. Komunikasi nya éta hubungan antara manusa dina nepikeun jeung narima informasi kalayan ngagunakeun média lisan, tulisan atawa isarat.

Tujuan tina komunikasi nya éta pikeun nepikeun atawa nyangking informasi. Patali jeung éta hal, sangkan komunikasi anu dilakukeun ku manusa bisa gampang katarimana ku anu lian, tangtuna ogé opat aspék kaparigelan basa anu ngawengku maca, nulis, nyarita jeung ngaregepkeun miboga peran penting pikeun lumangsungna komunikasi sangkan naon anu jadi tujuan dina komunikasi bisa kahontal, utamana pikeun siswa anu keur diajar basa Sunda.

Kaparigelan nyarita jeung nulis sifatna produktif, sedengkeun kaparigelan ngaregepkeun jeung maca miboga sifat pasif. Dina kaparigelan basa anu sifatna produktif utamana dina pangajaran nulis, dipiharep sangkan siswa mampuh ngébréhkeun pamadegan, gagasan, kahayang jeung pangalamanana dina wangun tulisan.

Dina nulis biantara, basa anu digunakeun nya éta basa Sunda lulugu, basajan, tur luyu jeung éjahan basa Sunda. Hal ieu sangkan pamaca bisa gampang nyangking

Noviana Purwanti, 2012

Kamampuh Nulis Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

eusi éta biantara sarta sangkan luyu jeung aturan undak usuk basa Sunda anu aya. Aya sababaraha masalah anu biasa karandapan ku siswa nalika nulis biantara, nya éta siswa sok salah dina maké aksara, nulis aksara, nulis kecap, diksi jeung undak usuk basa Sunda.

Nilik kana pedaran di luhur, ku sabab kitu perlu aya tarékah pikeun ngungkulan éta masalah ngaliwatan panalungtikan. Panalungtikan baris museur kana kamampuh nulis naskah biantara siswa kelas X di SMA Pasundan 2 Bandung.

1.2 Watesan Masalah

Ieu panalungtikan ngaguar ngeunaan *Kamampuh Nulis Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajaran 2011-2012*. Anapon masalah anu baris ditalungtik téh nya éta diwatesanan kalawan ngawengku; makéna aksara, nulis aksara, nulis kecap, tanda baca, diksi (milih kecap) jeung undak usuk basa Sunda anu aya dina naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung.

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah nu geus dipedar saméméhna, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh siswa dina nulis naskah biantara?
- b. Kumaha kamampuh makéna aksara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung?
- c. Kumaha kamampuh nulis aksara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung?
- d. Kumaha kamampuh nulis kecap siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung?

Noviana Purwanti, 2012

Kamampuh Nulis Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

- e. Kumaha kamampuh tanda baca siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung?
- f. Kumaha kamampuh diksi (milih kecap) siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung?
- g. Kumaha kamampuh undak usuk basa Sunda siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung?

1.4 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan dina hakékatna miboga tujuan. Saluyu jeung kasang tukang masalah anu geus diébréhkeun, tujuan tina ieu panalungtikan di antarana:

1.4.1 Tujuan Umum

Sacara umum panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun nalungtik nepi kamana kamampuh maké éjahan basa Sunda (makéna aksara, nulis aksara, nulis kecap, jeung tanda baca) sarta diksi jeung undak usuk basa Sunda dina biantara siswa kelas X di SMA Pasundan 2 Bandung.

1.4.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadeskripsikeun :

- a. kamampuh siswa dina nulis naskah biantara,
- b. kamampuh makéna aksara,
- c. kamampuh nulis aksara,
- d. kamampuh nulis kecap,
- e. kamampuh make tanda baca,

Noviana Purwanti, 2012

Kamampuh Nulis Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- f. kamampuh diksi nu aya dina naskah biantara,
- g. kamampuh undak usuk basa Sunda nu aya dina naskah.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

1.5.2 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis tina panalungtikan ieu dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan éjahan basa Sunda (makéna aksara, nulis aksara, nulis kecap, jeung tanda baca) sarta diksi jeung undak usuk basa Sunda bener henteuna kecap anu dipaké dumasar kana éjahan, diksi jeung undak usuk basa Sunda.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis hasil tina ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat, di antarana nya éta:

- a. Pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina ngagunakeun éjahan basa Sunda (maké aksara, nulis aksara, nulis kecap, tanda baca) diksi jeung undak usuk basa Sunda,
- b. Pikeun dipaké ku para guru pikeun dijadikeun bahan pangajaran di SMA/MA hususna dina bahasan ngeunaan éjahan, diksi jeung undak-usuk basa Sunda,
- c. Ngeuyeuban sumber data basa Sunda,
- d. Nglatih siswa maké basa Sunda anu merenah,
- e. Bahan informasi pikeun masarakat,

Noviana Purwanti, 2012

Kamampuh Nulis Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- f. Pikeun pangdeudeul panalungtikan ngeunaan éjahan (maké aksara, nulis aksara, nulis kecap, tanda baca) diksi sareng undak-usuk basa Sunda.

1.6 Wangenan Operasional

Wangenan operasional dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. **Kamampuh** nya éta kabisa anu jolna tina diri sorangan kana hiji hal.
- b. **Nulis** nurutkeun LBSS (1995:540), nya éta nyieun aksara atawa angka dina kertas jsté ku parantina.
- c. **Naskah Biantara** karangan atawa tulisan ngeunaan bahan picaritaen di hareupeun jalma réa atawa pikeun biantara.
- d. **Siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung** nya éta nu dipaké objék dina ieu panalungtikan.

1.7 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. Biantara mangrupa salah sahiji materi pangajaran kaparigelan basa Sunda anu diajarkeun di SMA.
- b. Siswa SMA nu geus diajar basa sunda dipiharep boga kamampuh nulis naskah biantara kalawan bener tur merenah.

1.8 Sistematika Penulisan

Sistematika penulisan ieu ngawengku:

- 1) Judul Panalungtikan,

Noviana Purwanti, 2012

Kamampuh Nulis Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- 2) Lembar Pengesahan,
- 3) Surat Pernyataan,
- 4) Pangjajap,
- 5) Catur Panuhun,
- 6) Abstrak,
- 7) Daftar Eusi,
- 8) Daftar Tabél,
- 9) Daftar Lampiran,
- 10) Bab I Bubuka,
 - (1) Kasang Tukang,
 - (2) Watesan Masalah
 - (3) Rumusan Masalah,
 - (4) Tujuan,
 - (5) Mangpaat,
 - (6) Anggapan Dasar,
 - (7) Sistematika Penulisan,
- 11) Bab II Tatapakan Téori,
 - (1) Éjahan,
 - a. Wangenan Éjahan,
 - b. Kamekaran Éjahan,
 - c. Palanggeran Éjahan Basa Sunda,

(2) Milih Kecap,

Noviana Purwanti, 2012

Kamampuh Nulis Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

(3) Undak Usuk Basa Sunda,

- a. Wangenan Undak Usuk Basa Sunda,
- b. Sajarah Undak Usuk Basa Sunda,
- c. Kamekaran Undak Usuk Basa Sunda,
- d. Tahapan Undak Usuk Basa Sunda,
- e. Kabeungharan Kecap (Kosa Kata) Undak Usuk Basa Sunda,
- f. Prinsip Undak Usuk Basa Sunda,

(4) Biantara,

- a. Hakékat Biantara,
- b. Wangenan Biantara,
- c. Rupa- Rupa Biantara,

(5) Kamampuh Nulis Naskah Biantara,

12) Bab III Méthode Panalungtikan,

(1) Méthode Panalungtikan,

(2) Téhnik Panalungtikan,

- a. Téhnik Ngumpulkeun Data,
- b. Téhnik Ngolah Data,

(3) Data Panalungtikan,

- a. Sumber Data,
- b. Data,

- (4) Instrmén Panalungtikan,
 - a. Instrumén Pangunpulan Data,
 - b. Instrumén Ngolah Data,
- (5) Prosedur Panalungtikan,
- 13) BAB IV Analisis kamampuh nulis naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung,
- 14) BAB V Kacindekan jeung Rékomendasi,
- 15) Daftar Pabukon,
- 16) Daftar Lampiran.